**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MINISTRLER KEŃESINIŃ**
**B I Y L I G I**

**QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING**
**F A R M O Y I SH I**

2024-yil 15-oktabr | 228-13-0-F/24 | Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 15 hám 86-statyaları, Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyasınıń 86, 90 hám 91-statyaları, “Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi haqqında”ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń 8 hám 20-statyaları, Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrliginiń 2024-jıl 14-oktyabrdegi 01/386-sanlı xatın inabatqa alıp, respublikamız aymaǵında hawa rayınıń keskin suwıtıwına, ásirese túngi waqıtları hawa rayınıń normadan pás bolıwı gúzetilip atırǵanlıǵına baylanıslı, avarıyalıq jaǵdaylardıń aldın alıw, sociallıq taraw shólkemleri imaratlarında zárúr temperaturanı saqlaw, tutınıwshılardı ıssılıq energiyası hám jeterli muǵdarda tábiyǵiy gaz benen támiyinlew maqsetinde:

1. Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında 2024-2025-jıllar jılıtıw máwsiminiń baslanıwı 2024-jıl 15-oktyabrden baslap belgilensin.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Qurılıs hám úy-jay kommunal xojalıǵı ministrligi (Q.Aytbaev) “Aymaqgaz Qaraqalpaqstan” gaz támiynatı filialı (N.Djumaniyazov), “Aymaqlıq elektr tarmaqları” AJ Qaraqalpaqstan filialı (A.Nurımbetov), “Qaraqalpaq suw támiynatı” AJ (Q.Xalmuratov), “Kómir támiynatı” JShJ Qaraqalpaqstan Respublikası filialı (A.Bekimbetov), “Taqıyatas neft bazası” JShJ (A.Abdiev) menen birgelikte 2024-2025-jıllarda jılıtıw máwsiminde tutınıwshılardı belgilengen tártipte elektr hám ıssılıq energiyası, tábiyǵiy gaz, ishimlik suw, suyıq hám qattı janılǵı menen turaqlı túrde támiyinlesin.

3. Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi (M.Qurbanov), Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi (G.Xojabaeva), Mádeniyat ministrligi (B.Temirbaev), Sport ministrligi (A.Allanazarov) hám Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovatsiyalar ministrligi (B.Kaipbergenov) barlıq socıallıq taraw obyektlerinde jılıtıw máwsimi dawamında xanalardıń belgilengen temperatura menen turaqlı túrde támiyinleniwi boyınsha nızamshılıq sheńberinde juwapker shaxslardı biriktirsin hám de bul jumıslardı jeke qadaǵalawǵa alsın.

4. Qala hám rayon hákimlerine, tiyisli ministrlikler, mákeme hám kárxanalar basshılarına tábiyǵiy gaz, elektr hám ıssılıq energiyası, ishimlik suw, suyıq hám qattı janılǵı resurslarınan belgilengen tártipte únemli paydalanılıwın támiyinlew tapsırılsın.

5. Usı biyliktiń nızamshılıqqa muwapıq orınlanıwın támiynlew hám qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı Sh.Dauletiyarovqa júklensin.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken’esi baslıg’ı** **F. Ermanov**